



SILVOUPLÈ EDE ZWAZO SAA

Zwazo sa rele Dyabloten, pye li yo palme tankou kana, bèk li koube anfòm yon tib nan zòn nen li. Se yon zwazo ki pase pi fò tan li nan lanmè epi anlè tou.

Ou ka jwenn ni atè tou lè li pèdi Kontwòl akòz limyè kap briye nan nwit oubyen lè yo fwape ak kèk bagay san zatann pandan yap vole.

Si ou ta jwenn yon zwazo konsa

1.) Trete I avèk anpil atansyon e san briz. Vlope I avèk yon moso twal pwòp oubyen yon sèvyèt oswa yon chemizèt. Vlope I yon jan pou 2 zèl zwazo a kole nan kò li komsi li pat malad .Pa pèmèt li ouvè epi fèmen zèl li pou zwazo a pa pi grav. Si li posib ,tire yon foto nan fas zwazo a epi nan pati siperyè zwazo a.

2.) Mete zwazo a nan yon bwat avèk yon twal pwòp oubyen yon moso sèvyèt beny nan pati enferyè zwazo a.Mete bwat la yon kote ki fre e ki fenwa ki pa gen bri ditou pou retire estrès nan li.Kouvri bwat la ak yon kouvèti.

3.) Pa bali ni manje ni dlo.

4.) Kontakte youn nan byològ Grupo Jaragua yo pou enfòme sa rapid rapid. Men non yo ak nimewo telefon yo:

René Jeune 3678-0489, Tinio Louis 4499-9824 , Victor Renozier 4848-1228, Ernst Rupp 4850-7417

5.) Fè tout sa w ka fè pou libere zwazo a pi vit posib .Si zwazo a pa nan kondisyon pou l vole, pa libere I , fè yon ti kite I toujou. Kou nou wè li aktif epi li motive sa vledi li prè pou w eseye libere li. Si ou nan zòn kòt, ou ka libere zwazo a nan yon plaj kote lanmè poze. Si lanmè a lwen w ou ka libere I sou do yon edifis oubyen nan yon kolin oswa sou nenpòt bagay ki wo.

6.) Pou w libere zwazo a men sa pou fè :leve zwazo a anlè dousman, soutni li ak 2 men w san w pa peze li. Bat pou tèt li gade dwat devan kote van pran direksyon. Voye zwazo a anlè dousman, si li pa ta vole pa al lage nan dlo konsa ni pa voye I anlè tou swit ,kite li poze epi eseye anko.

7.) Si w wè zwazo a pa ka vole aprè tout esèy ou fè, oubyen w wè zwazo a blese anpil e anplis ou wè zwazo a malas anpil; rele byològ Grupo Jaragua yo pou vin rekipere li epi fè entèvasyon pou libere li.

Mesi paske wap ede nou sove e konsève epi etidye zwazo ki rele DYABLOTEN

